Pou Piblikasyon Imedya: 06/07/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE TIKÈ ADMISYON AK KOUPON PAKIN POU GRAN FWA ETA NOUYÒK 2026 LA DISPONIB POU VANN 7 JIYÈ A

Gran Fwa Eta Nouyòk la ap kòmanse mèkredi 26 out jiska fèt travay la, 7 septanm

Fwa a ofri Nouyòkè yo yon fason abòdab e ki favorab pou fanmi yo dekonekte epi soti deyò ete sa a

Kat chak jou yo disponib epi opsyon Frequent Fairgoer a retounen pou gwo fanatik fwa yo

Navèt dirèk Park-N-Ride Centro yo soti nan Transit Hub Anba Lavil la, Long Branch Park, ak Destiny USA ap retounen nan Fwa a

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke kat admisyon ak pakin pou Gran Fwa Eta Nouyòk 2026 la ap disponib pou vann madi 7 jiyè a 9è nan maten. Yon tikè admisyon senp, ki chaje ak yon valè enkwayab, koute 8 dola epi li gen ladan aksè ak tout amizman sou teren an, ekspozisyon agrikòl, demonstrasyon an dirèk, ak Seri Mizik Chevrolet la. Antre a rete gratis pou moun ki gen 65 an oswa plis ansanm ak timoun ki gen 12 zan oswa mwens, pou kontinye asire ke Fwa a se youn nan fwa ki pi abòdab nan peyi a, ki bay yon espas aksesib pou tout fanmi an dekonekte epi soti deyò. Fwa ane sa a pral gen ladan l plis pwogram pase anvan, ak plizyè douzèn pèfòmans ak demonstrasyon an dirèk, n ap jwenn aktivite piblik la te pi renmen yo k ap tounen ansanm ak nouvo konpetisyon k ap eksitan anpil; ap gen manje ak bwason ki soti nan men pwodiktè nan zòn nan, san wete yon nouvo gwoup machann nan mache 'Taste NY' la, aktivite chak jou nan espas 'Empire Room' lan ki re-imajine a, ak anpil plis bagay pou dekouvri.

"Gran Fwa Eta Nouyòk la se yon tradisyon ke yo onore depi lontan, li selebre eritaj agrikòl nou an epi li se yon poto mitan nan ete nou yo isit la nan Eta Nouyòk", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Moun pa ta dwe oblije depanse anpil lajan pou yo pran plezi. Apati jodi a, tikè pou evènman abòdab sa a, pou tout fanmi an, ki pral chaje ak atraksyon ansyen ak nouvo, yo disponib pou vann kounye a. Nouyòkè yo – pran tikè nou yo jodi a epi n ap wè nou nan Fwa a ete sa a!"

Pou moun ki gen plan pou ale nan Fwa a plizyè fwa pandan 13 jou yo, opsyon 25 dola pou moun ki ale souvan an pèmèt yo antre nan Fwa a yon fwa pa jou, chak jou pandan Fwa a. Yon tikè Frequent Fairgoer pa ka transfere epi li disponib sèlman sou entènèt. Pakin pou Fwa a koute 12 dola. Tikè davans pou Midway nan Fwa a pi popilè a, ki opere pa Wade Shows, pral disponib pou vann nan semèn k ap vini yo.

Gen twa fason pou moun ki prale nan fwa yo achte tikè admisyon ak/oswa pakin: sou entènèt, nan telefòn, epi an pèsòn soti 26 out rive 7 septanm.

- **Sou Entènèt:** Lyen pou achte tikè admisyon an ak pakin nan ap disponib a **9:00 a.m. madi 7 jiyè** a sou sitwèb Gran Fwa Eta Nouyòk la.
- **Nan telefòn:** Apati 7 jiyè, ou ka achte tikè ak pakin tou nan telefòn nan rele Etix gratis nan 1-800-514-3849 soti 9:00 a.m. rive 8:00 p.m. lendi jiska samdi, epi soti 12:00 p.m. rive 8:00 p.m. nan dimanch.
- **Nan pòtay la:** Apati mèkredi 26 out, kyòs ki sitiye nan tout pòtay yo ap disponib pou achte tikè elektwonik. Pou minimize tan datant nan kyòs yo, pral gen gwo pankat ak kòd QR nan tout antre ak nan pakin yo pou moun ki vizite fwa a ka itilize telefòn entelijan yo pou achte tikè. Gen ATM envès sou plas pou konvèti lajan kach an yon kat itil.

Avèk frè yo ladan, **pri total** pou moun ki ale nan fwa a ap:

- **Admisyon:** 8.32 dola pa tikè (8 dola antre, frè tikè 14 santim, frè pwosesis kat kredi 18 santim)
- **Frequent Fairgoer** (**Moun ki ale Souvan nan Fwa):** 25.70 dola (25 dola kat Frequent Fairgoer, frè tikè 14 santim, frè pwosesis kat kredi 56 santim; sonje ke kat Frequent Fairgoer yo disponib sèlman sou entènèt)
- **Pakin:** 12.41 dola pa machin (12 dola pakin, frè tikè 14 santim, frè pwosesis kat kredi 27 santim)

Komisè Agrikilti Eta Nouyòk (New York State Agriculture) la, Richard A. Ball, te deklare, "Gran Fwa Eta Nouyòk la se youn nan tradisyon ki pi enpòtan nan Nouyòk, epi Fwa 2026 la ap vin youn nan pi bon yo jiskaprezan. Nou swete yon kantite Nouyòkè posib patisipe nan selebrasyon 13 jou nou an ki gen pou wè ak agrikilti, mizik, amizman ak ekspresyon kiltirèl. N ap wè nan Fwa a."

Direktris Fwa Eta Nouyòk la, Julie LaFave, te deklare, "Gran Fwa Eta Nouyòk 2026 la prèske rive, epi nou vle moun ki ale nan fwa a pwofite tout sa Fwa a gen pou l ofri. Kit w ap planifye yon jou enkwayab oswa tout 13 yo, kounye a se moman pou w jwenn tikè ak pakin ou yo. Avèk prèske 100,000 vizitè chak jou nan Fwa a, achte tikè ou yo davans vle di liy ki pi kout, antre pi rapid, epi plis tan pou tout sa Fwa a genyen pou ofri. Soti nan ekspozisyon ki te genyen prim, manje ki nan Fwa a ke tout moun renmen, woulib

kaptivan nan mitan wout la, ak yon seri animatè gwo non, Fwa a gen yon bagay pou tout fanmi an ak anpil bèl souvni k ap tann pou kreye."

Senatè Eta a Michelle Hinchey te deklare, "Fwa Eta Nouyòk la se yon tradisyon ki gen anpil valè, epi li prèske rive! Pandan plizyè jenerasyon, Teren Fwa yo te reyini fanmi yo pou kreye bèl souvni pandan y ap aprann sou agrikilti Nouyòk, jwi manje enkwayab, epi sipòte ti machann biznis ki soti toupatou nan eta a. Nou ankouraje fanmi yo pou yo kòmanse planifye vwayaj yo! Mèsi Gouvènè Hochul, Ag & Markets, ak tout biznis lokal yo ki fè Fwa Eta Nouyòk la yon eksperyans espesyal chak ane."

Gran Fwa Eta Nouyòk la ouvri mèkredi 26 out epi l ap kontinye jiska jounen travay la 7 septanm. Orè operasyon fwa a soti 9:00 a.m. rive 11:00 p.m. chak jou, eksepte pou Fèt Travay la, lè fwa ap fèmen a 9:00 p.m. Pòtay yo ouvri pou piblik la a 9:00 a.m. epi fèmen a 9:00 p.m. chak jou eksepte pou Fèt Travay la, lendi 7 septanm, lè yo p ap pèmèt moun antre apre 8:00 p.m.

Pakin Orange la ouvri a 9:00 a.m. chak jou, epi pakin Brown, Woz ak Gri yo ouvri chak jou a 6:00 a.m. Yo pral itilize pakin Willis Ave a nan jou ki gen plis moun. Lè chofè yo rive nan Fwa a, yo dwe montre tikè pakin yo bay ajan pakin yo elektwonikman sou telefòn yo oubyen nan yon kopi enprime. Yo p ap aksepte kat EZPass Plus pou pakin. Ou ka achte kat pakin ak yon kat kredi oswa debi nan pakin yo, gen ATM sou plas pou moun ki pote lajan kach.

Pou konfò moun k ap vizite fwa a, tramway yo ap sikile san rete sou teren fwa a, epi yo pral swiv yon modèl sikilasyon an fòm fè cheval, ak 7 arè soti 9:00 a.m. rive 10:00 p.m. chak jou. Anplis de sa a, yon navèt ADA dedye sikile ant pakin aksesib Gri a, ki sitiye deyò pòtay 10 la, ak Arè Tramway #3 nan antre dèyè bilding òtikilti a soti 9:00 a.m. rive 11:00 p.m.* chak jou. Lendi 7 septanm nan, tramway yo ap sispann mache yon èdtan pi bonè.
Sèvis navèt dirèk Park-N-Ride Centro a ap bay pasaje yo transpò soti nan Anba Lavil Centro Transit Hub, Long Branch Park, ak Destiny USA pou ale ak pou soti nan Fwa a, avèk pwen pou depoze ak pase chèche pasaje yo agoch Pòtay Prensipal la. Pou moute navèt la pou yon sèl ale, frè a se 1 dola pou adilt, ak 50 santim pou granmoun aje, timoun ki gen ant sis ak nèf an, ak moun ki andikape. Dènye navèt la kite fwa a chak jou a 11:15 p.m. Navèt yo ap fonksyone sou yon orè limite apre 9:00 p.m. nan dat 7 septanm nan paske fwa a ap fèmen pi bonè nan jou sa a.

Kèk Enfòmasyon sou Gran Fwa Eta Nouyòk La
Fonde an 1841, Gran Fwa Eta Nouyòk la mete an valè sa ki pi bon nan agrikilti Nouyòk la, ofri bon jan kalite divètisman, epi li se yon eleman enpòtan nan kad estrateji CNY Rising eta a pou devlope ekonomi rejyon Nouyòk Santral la gras a touris. Li se pi ansyen fwa nan Etazini epi yo toujou rekonèt li kòm youn nan senk premye fwa eta nan nasyon an.
Kote yo fè Gran Fwa Eta Nouyòk la se yon konplèks pou espektak ak ekspozisyon ki mezire 152 ekta epi ki fonksyone pandan tout ane a. Yo ankouraje odyans yo pou yo

aprann plis sou Gran Fwa Eta Nouyòk la sou entènèt, eksplore foto yo sou Flickr, epi swiv amizman sou Facebook, TikTok, ak Instagram.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU